# YU DON DEY FORGIVEN BY GOD

GOSPEL 316

***"Di pesin wey God forgive en wiked ways and sins, make e happy!"*** **Psalm 32:1**

Di rong tins wey wi do (wey di Bibol koll sins dem) dey separate us from God. Wi nid make God forgive us make wi for dey rite with God ... to dey redi for life wey nor dey end. Forgiveness wey dey Bibol nor bi God dey tok sey E go komot eye for dos sins dem and sweep komot ponishment wey nor dey end for dos sins dem. Nor, yu supose pay dat for dat ponishment. Di gud news (di Gospol) bi sey Jesus [di manpikin-God] don alredi pay dat ponishment for yu with En blood as E take kpeme on di Kross. For one hand, E take yor place. Jesus bikom di sakrifais for yu. But dat one nor dey enof. Dat payment nid make e work for ... make e dey for yor akant. Di kweshon wey dey impotant pas bi, How dat go take hapun? E dey hapun wen yu ripent (turn komot from yor sins dem to God) and biliv in Jesus. And den, and na only den, yu don dey forgiven by God.

## *AWA PALAVA ... SEPERASHON*

*"Evribody don sin and wi don foll komot from God glory."* Romans 3:23

*"Na bikos of una sins make am nor dey hear una. Na una sins dey separate una from God wen una try to woship Am."* Isaya 59:2

*"Den Krist go use fire wey nor dey kwensh take ponish dos wey nor sabi God and wey nor dey obey wetin wi dey prish abaut Am. God go distroy dem and dia ponishment nor go eva end. Wen Krist go kom riciv glory from di pipol wey e shuse."* 2 Tesalonians 1:8-9

*"Bikos, di riwod for sin, na deat, but God gift wey Jesus Krist dey give us, na life wey nor dey end."* Romans 6:23

*"For di time wen wi nor fit helep awasef, Krist kon die for us wey bi sinnas."* Romans 5:6

## *SOLUSHON FROM GOD ... SUBSTITUSHON*

*"God luv di pipol wey dey dis world well-well, so E kon send di only pikin wey E get to us, so dat enibody wey biliv Am, nor go die, but e go get life wey nor dey end."* John 3:16

*"Na dis bi luv: nor bi sey wi fes luv God, but na-im fes luv us wen E send En Pikin kom die for us as* [sakrifais wey make Am forgive] *us awa sins."* 1 John 4:10

*"But God show how En luv for us big rish, wen E send Krist kome die for us, even doh wi still dey sin."* Romans 5:8

*"E karry awa sin for kross, so dat wi go stop to sin and dey do gud for God eye. Na di wound wey dem wound Am, naim make us well."* 1 Pita 2:24

*"But evribody wey riciv and biliv En name* [Jesus], *e go give dem di rite to bi God pikin,"* John 1:12

## *YOR WAY TO FORGIVENESS … TO BILIV IN JESUS*

*"All di profets tok about am* [Jesus] *sey, 'Evribody wey biliv Am, thru En name, God go forgive dem,'"* Akts 10:43. *"God save una with En grace, bikos una get faith (as una don biliv Krist), nor bi with una own pawa, but na God give una. E nor save una bikos of di work wey una do, so make norbody dey do yanga,"* Efesians 2:8-9. Yu fit biliv in (nor bi jos to biliv abaut) Jesus as yu dey ripent ... dat na, as yu dey take faith dey turn to Jesus. Dis preya na one way for yu to take do dat. Nor bi one oath abi inkantashon. Make yu pray am if na true sey naim bi wetin yu want true-true.

**Dear God,**
**I gree sey I get nid ... I bi sinna.**
**I ripent ... I turn komot from my sin to Yu.**
**I biliv in Jesus ... sey E bi God, E kpeme for di kross for mi.**
**I invait Am to bi my Savior.**
**Amen**

Jesus don pay di penalty for yor sins dem. And as yu dey biliv in Jesus, En payment don bikom yor payment. God don forgive yu. And Jesus tok sey yu don dey safe for all life wey nor dey end, John 3:16.

NIGERIAN PIDGIN ***"Di pesin wey God forgive en wiked ways and sins, make e happy!"*** **Psalm 32:1**

Free PDFs of *Yu Don Dey Forgiven By God* for meni languajis dey link from Gospel316.org.

**If yu pray dat preya true-true,** yu don dey forgiven by God and yu dey safe with Am for all life wey nor dey end. Di sakrifishia death of Jesus don give yu forgiveness. God don promis sey wetin yu get now na life wey nor dey end ... sey yu nor go enta jodjment ... and dat yu don pas komot deat to life, John 5:24. Yu dey safe bikos nor one fit drag yu komot from En hand wey dey pawafu pas. E dey hold yu and nor bi yu dey hold Am. Jesus tok sey, *"I don give dem life wey nor dey end and dem nor go eva die. Norbody go fit take dem komot from my hand. My Papa wey give dem to Mi big pass evribody and norbody go fit take dem komot from my Papa hand,"* John 10:28-29.

**If yu nor dey redi to sey dat preya,** make yu make am to dey impotant pas. Yor dicishon get etanal impotans and kwonsikwens. Sekond shansis dem afta di grave nor dey, *"Bikos God sey, na only wons man go die and afta dat, jodgement go kome,"* Hibru 9:27. If yu get kweshon dem wey neva get ansa wey dey blok yor way to take dicide, make yu tok to di pesin wey give yu dis.

## Pikshor and Definishon dem

**Forgiveness.**
Forgiveness. Forgiveness wey follow Bibol nid make pesin pay di ponishment for awa sin. Di ponishment for sin na etana separashon from God. Forgiveness wey follow Bibol na transfa of yor sin and en ponishment from yu to Jesus. God give awa sin and en ponishment to Jesus wey nor get sin. And den God give En raitiousness to us. E dey as if two kain books dem dey for Heaven. Di fes, yor rekord book, wey get one mark for all di rong tin wey yu don eva do. En pajis dey kova with marks dem. Di Bibol tok am well-well sey some tins wey wi do na sin (sins wey wi do) and some tins wey wi nor do bi sin (sins of tin wey wi nor do). Even some tots dem fit dey sinful. Make pesin dey komit three sins dem every day go bi 1,000 for ish year. For one lifetaim, dat na plenti sins dem. Di oda book na di rekord book of Jesus wey nor get sin. En pajis dem dey klin and nor get spot. Wen yu biliv in Jesus, e bi like sey dem shanj di kova of dos two book dem. Den di rekord book wey get yor name on am dey klin kpatakpata. Yor sin and en ponishment don go.

**One ril solushon.**
Jesus tok sey, *"Na Mi bi di road, di trut and life. Norbody go fit go meet my Papa, onless e pass thru Mi,"* John 14:6. Di solushon wey di Bibol give to awa seperashon from God wey sin dey kos dey ogbonge. Oda rilijion dem wan make wi face life wey nor dey end with awa sins in dem to dey hope sey wich eva kain god fit dey dia go ovaluk awa sins dem. Jesus way na ogbonge bikos E dey forgive awa sins dem ... dey wash us klin. Den wi face God and life wey nor dey end with awa sins dem wey E don klin komot bikos dem don transfa am to Jesus. Apostol Pita tok sey, *"And na En pawa God dey yus save pipol, bikos for di whole world, e nor get eni oda name wey get pawa to save pipol, like Jesus Krist own,"* Akts 4:12. Apostol Paul write, *"Bikos na only one God dey and na Jesus Krist wey kome as man pikin, bi di pesin wey dey bring God and man pikin togeda. E die so dat evribody go dey free. Na dis messaj God go give di world, wen di time don rish,"* 1 Timoti 2:5-6. Jesus way na di ril solushon.

**To dey biliv in Jesus.**
To dey biliv Jesus pas *to dey biliv abaut* Jesus. Make yu tink sey yu bi passenja for one plane wey dey fly high pas di mountans wen di enjine kon start to dey misfaya and fail. Di plane dey go down and wan krash. Di pilot kome tell evryone to tai one parashut for body and komot di plane thru di door wey dey open. Yu don sabi abaut parashut dem. Yu don see dem for TV. But now e dey different. To step komot for dat plane door wey dey open go nid pas *to biliv abaut* a parashut … e go nid *to dey biliv in* a parashut. And some pesin bakpak nor go work. For yu to dey alaif go nid di rite parashut ... to step komot witout am na die wey sure. To step komot with parashut na 100% kommitment of faith. Yu fit get some daobt dem ... but sorvival dey nid full trust for di parashut. Jesus na di one true etana parashut. Make yu step komot in faith. Biliv in Am!

**Instukshon for printin.** Wi dey advais make yu print for front and bak of one paj. Make yu print am for kolor abi black and white.

---

*Yu Don Dey Forgiven By God* © 2024 dey poblish by Acts One Eight and na from www.Gospel316.org. Yu fit print, kopi, post, abi messaj am freely make yu nor shanj am with dis all dis statement wey dey dia. But yu fit add yor ministri abi church name abi logo to am. Acts One Eight dey standa only for di Bibol. E dey to helep pipol kome to faith in Jesus Krist and den to gro to bikom En discipols dem. Translashon sarvisis for vashon dem wey nor bi Inglish dey provided by www.ChristianLingua.com. Bibol kwotashon for di orijinal Inglish vashon na from di New Amerikan Standad Bibol (NASB). Bibol kwotashon for dis vashon na from di "PCM Bible".